


MBEU YENYONGANISO

 Ndasarudza husiku huno nyaya pfupi, kana kuti kuverenga zvishoma, kana Ishe achitendera, kuti zvitipe musoro wenyaya, kubva muna Mateo 13:24 kusvika ndima 30. Uyevo ndi—ndinoda kuverenga kubva pandima 36 kusvika pandima 40, munguva shoma. Zvino Mateo, chitsauko 13, ndichitanga nendima 24 yechitsauko 13 chaMateo. Nyatsotereresai pakuverenga kweShoko. Mashoko angu anokundika, asi mashoko Ake haakundiki.

Wakaisa pamberi pavo mumwe mufananidzo, achiti, Vushe hwokudenga hwunofananidzwa nomunhu wakakusha mbeu yakanaka mumunda make:

Asi vanhu vavete, muvengi wake akavuya akakusha mashawi pakati pezviyo, akaenda.

Asi chipande chakati chamera, nokubereka, zvino mashawi akavonekwa vo.

Zvino varanda vomwene weimba vakavuya vakati kwaari, Ishe, hamuna kukusha mbeu yakanaka mumunda menyu here? Munda wawanepiko mashawi?

Akati kwavari, Munhu unondivenga waita izvozvo. Varanda vakati kwaari, Ko munoda kuti... tindovunganidza here?

Akati, Kwete; zvimwe kana muchivunganidza mashawi, mungadzura nezviyo vo.

Regai zvikure zvoze zviri zviriviri kusvikira pakucheka: nenguva yokucheka ndichati kuvacheki, Tangai kuvunganidza mashawi, muasunge, mwanda kuti apiswe: asi muvunganidze zviyo mudura rangu.

² Macherechedza here, “Unganidzai mashawi kutanga, musunge mwanda?” Zvino, ndichiverenga izvi, pane chimwe chinhu chinoshamisa chakauya kwandiri pandakanga ndigere pamusoro peGomo reCatalina humwe husiku, ndichinamata. Zvino ndakafunga, ndingawanepi shoko randingasevenzesa kune zvandiri kuda kutaura husiku huno?

³ Zvino ndakawana shoko rokuti *nyonganiso*, nokudaro ndakatarisa muduramanzwi kuti shoko rokuti *nyonganiso* rinorevei. Zvino zvinoreva “kudyara kupesana,” kana—kana “kupikisa,” sokutaura kwaWebster, “kudyara kupesana, chimwe chakasiyana,” kana, “kupikisa zviripo kare.” Nokudaro ndafunga, nyaya yohusiku huno, ndichaiti, *Mbeu Yenyonganiso*. Zvino ndinovimba kuti Ishe acharopafadza Shoko Rake zvino patava kuswera kwaRiri.

4 Zvino tinoziva kuti zvakare Akadudzira, mundima 36 ne—nomundima 43, kuti mbeu iyi yakakura sei. Zvino tiri pazviri, ngatizviverengei zvakare, ndima 36 kusvika 43.

Zvino Jesu wakati aendisa vanhu vazhinji, akapinda mumba: vadzidzi vakavuya kwaari, vakati, Tidudzirei mufananidzo wamashawi omumunda.

Akapindura akati, Unokusha mbeu yakanaka ndiye Mwanakomana womunhu;

Munda inyika; mbeu yakanaka ndivo vovushe; mashawi ndivo vanakomana vovakaipa;

Muvengi wakakusha ndiye Dhiyabhorosi; kucheka ndiko kuguma kwenyika; vacheki ndivo vatumwa.

Zvino mashawi sezvaanounganidzwa achipiswa mumwoto; ndizvo zvichaitwa pakuguma kwenyika.

Mwanakomana womunhu uchatuma vatumwa vake, vagounganidza muvusha hwake zvose zvinogumbusa, navonoita zvisakarurama;

Vachavakandira muvira, romwoto: ipapo pachava nokuchema, nokugeda geda kwameno.

Ipapo vakarurama vachapenya sezuva muvusha hwababa vavo. Une nzeve . . . dzokunzwa ngaanzwe.

5 NdiJesu ari kupa dudziro kumufananidzo uyu, paChake, nokudaro tinoziva kuti dudziro iyi inorevei. Zvino patava kusvika pane izvi, zvokudyarwa kwembeu no—nokukohwa kwayo, uye Akazvidudzira. Zvino ndinotenda kuti Jesu akanga achitaura mufananidzo uyu muzuva Rake, asi akanga achireva kugumo kwenyika, kana, kuguma kwezvizvarwa, rinova zuva *rino*. Uye ndinotenda kuti nyaya duku iyi husiku huno yakanyatsokodzera panguva ino yatiri kurarama, nokuti Jesu akataura pachena pano kuti “kuunganidzwa kuchaitwa kumagumo enyika,” ndipo pachava namagumo; kuunganidzwa kwezviyo, uye kuunganidzwavo kwamashawi nokupiswa kwawo, nokutora zviyo nokuzviisa muHumambo. Ndinozvitenda kuti zvakadaro.

6 Zvino pane rimwe Gwaro rinoita kuti nditende izvi, ndanyora pano pasi, muna Mateo 24:24, panoti, zvichitaura pamusoro pe—pechigaro, pamusoro pembeu yenyonganiso, Jesu akati zviviri izvi zvichange zviru padyo napadyo zvokuti zvaikwanisa kunyengera Vasanganurwa vainyengerwa dai zvaikwanisika. Zvakanyatsoda kufanana kwazvo.

7 Pane imwe nzvimbo zvakanorwa muGwaro, kuti mvura inonaya pane vakarurama navasina kururama.

8 Ndinorangarira chiitiko changu chokutanga pandakatanga kusangana navanhu vePentekosti. Ndakanga ndiri kuMishiwa, Indiana. Uye ndakanga ndiri pamusanganano

mukuru, munhandare yakakura seizvi, pakanga pakaungana vokumaodzanyemba novokuchamhembe pamwe chete. Nokuti mumazuva aya, vakanga vane rusarura ganda, vaifanira kusangana ikoko. Paiva namapoka maviri ehama dzechiPentekosti. Ndakanga ndisati ndambonzwa pamusoro pavo kana kusangana navo. Ndiko kaiva kokutanga kunzwa ndimi dzichitaurwa. Zvino paigumira kugara kwavanhu. . . Ini ndisiri nhengo yavo, ndakanga ndiri mushumiri wechiBhaptisti, ndakagara kumashure shure, zvino ndinorangarira kuti pandakatanga kunzwa munhu achitaura nendimi, handina kuziva kuti—kuti chaiva chii. Zvino varume vaviri ava, kazhinji, vaigara mberi, mumwe aitaura nendimi mumwe achidudzira zvinenge zvataurwa nomumwe murume uyu. Zvino, ndakatanga kunzvera Bhaibheri rangu sokukwanisa kwangu, ipapo, ndakaona kuti zvakanga zviri muGwaro. Zvakanga zviri chaizvo zviri muGwaro, zvaizoitwa noMweya Mutsvene.

⁹ Zvino, mushure mezuva rimwe chete. Husiku ihwohwo mwoyo wangu wakanga wakadenhekana kwazvo. Ndakarara mumunda wekoroni. Ndakanga ndisina mari yakakwana kuti ndiwane po—po—pokurara, asi ndakanga ndine mari yaikwana kudzokera kumba, ndakawana madhonanzi, akanga agarisa, kana kuti marolls, ndizvo zvaava, ndichitira kudya kwamangwanani. Ndakanga ndichigona kudya navo, asi ndakanga ndisina mari yokuzobvisa sechipo. Mazuva aya, akanga ari mazuva okushaikwa kwemari, muna 1933, nokudaro—yakanga iri nguva yakaoma kwazvo. Zvino ndakafunga kuti, “Zvino, ndingaita sei? Handisi kuda kudya navo, asi ndinoda kuziva zvavanazvo. Vane chimwe chinhu chandisina.”

¹⁰ Zvino mangwanani aya ndakanga ndiri . . . vakandikumbira, “Vaparidzi vose ngavauye papuratifomu vazvizivise, kuti ndivo ani, uye vanobvepi.”

¹¹ Zvino, nda—ndakangotaura kuti, “William Branham, muvhangeri, wokuJeffersonville,” ndokubva ndagara pasi. Zvino, panguva iyi ndakanga ndiri muparidzi muduku pana vose vakanga vari papuratifomu. Zvino zuva rakatevera vakandidana kupuratifomu kuti ndiparidze. Zvino mushure mokunge ndataura, sei, takaropafadzwa kwazvo, zvino ndakasangana navanhu vakasiyana vachindikoka kumachechi avo. Zvino mushure mokunge vadaro . . .

¹² Mushure meizvi, ipapo, ndakafunga kuti, “Dai ndikangokwanisa kusvika pana varume vaviri ava vanga vachitaura nendimi nokududzira!” Zvakanga zvichipisa mumwoyo mangu, ndakanga ndichizvida zvakanyanya. Zvino, sezvandakuudzai pakutanga, chipo chiduku chaunopinda machiri. Munoziva, zvipo nokudanwa hazvibvi pakutendeuka, unazvo hupenyu hwako hwise, maona, unoberekwa nazvo, kana zviri zvipo zvakabva kuna Mwari. Nokudaro nguva dzose,

kubvira ndiri mwana muduku, zvaigara zvichiitika kwandiri, vanhu vanoziwa hupenyu hwangu, vanoziwa kuti ichi ichokwadi. Zvino, kana ndikafunga. . .Ndakanga ndisingazivi kuti chaiva chii, pamwe tingati chiratidzo, ndakanga ndisingazivi kuti chaiva chii. Ndakafunga kuti, “Dai ndikangokwanisa kutaura navo!” Zvino, mweya wakanga uri muungano wainyatsonzwika kuti Mweya waMwari.

¹³ Nokudaro nda—ndakatanga kutaura nomumwe wavo, ndikamuvhunza mivhunzo mishoma, zvino akanga ari muKritsu chaiye. Pakanga pasina kupokana pazviri, murume uyu akanga ari mutendi chaiye. Zvino mumwe murume uyu, pandakataura naye, kana ndakambosangana nomunyengeri, akanga ari mumwe wavo. Murume uyu zvaakanga ari. . . Mudzimai wake akanga ane vhudzi dzvuku, zvino akanga ana vana—vana vaviri nomumwe mudzimai ane vhudzi dema. Zvino ndakafunga kuti, “Zvino, chava chii ichi? Hezvino pano, nda—ndakanganisika. Ndiri munhu anotenda zvinhu zvine chokwadi; rinofanira kunge riri Shoko, kana kuti hazvisiri izvo. Zvino panoMweya, wanyatsonzwika, maererano nazvose zvandinoziwa, kuti ndowe chokwadi; uye mumwe wacho wanga usina kunaka zvachose; zvino Mweya wauya pavari vose. Zvino, izvi zvingava sei?” Ini, zvakandikanganisa.

¹⁴ Kwapera makore maviri, ndakanga ndichinamata mubako uko kwandinoenda kundonamata. Mubako maiva neguruva, rimwe zuva masikati ndabudamo, ndakaisa Bhaibheri rangu padanda, zvino mhengo yakaRivhura kuna vaHebheru, chitsauko 6. Pakanyorwa kunzi, mumazuva okupedzisira, zvaizova sei kuti kana tikabva paChokwadi hazvibviri zvakare kuvandudzwa pakutendeuka, nokuti panenge pasisina chipiriso chechivi, uye kuti minzwa norukato, zvinosvika pakuraswa, magumo azvo kuri kupiswa; asi mvura inouya panyika, kazhinji, kuzoidiridza, nokuigadzira; asi minzwa norukato zvinozoraswa, asi zviyo zvinounganidzwa. Zvino ndakafunga kuti, “Zvino, imhengo zvayo yangovhura apa.” Zvino, ndakaisa Bhaibheri pasi zvakare. Uye ndikafunga kuti, “Zvino, ndichango. . .” Zvino heino mhengo yakauya zvakare ikaRivhura. Izvi zvakaitika katatu. Zvino ndakafunga kuti, “Zvino, izvi, zvinoshamisa.”

¹⁵ Zvino pandakasimuka, ndakafunga kuti, “Ishe, Mazarurirei Bhaibheri kuti ndiverenge izvi, ini. . . pandakasvika pashoko iri, ‘minzwa norukato, zvinosvika pakuraswa, magumo azvo kuri kupiswa?’” Ndakafunga kuti, “Sei, Mandiratidza izvi?” Zvino pandakaramba ndakatarisa. . .

¹⁶ Zvino, zviratidzo izvi zvechokwadi zvinouya pasina chimwe chinhu chinenge chaitwa. NdiMwari chete anozviita. Maona? Ndakatarisa ndikaona nyika ichitenderera pamberi pangu, uye ndakaona kuti yakanga yakarimwa. Pakanga pane murume akanga akapfeka zvichena, aifamba achidzura zviyo. Zvino mushure mokunge apota seri kwenyika; pakarepo pakauya

munhu, airatidzika zvinotyisa, uye akanga akapfeka zvitema, achikusha mashawi pose pose. Zvose zvakamerera pamwe chete. Zvino pazvakamera, zvose zvakasvava, nokuti zvaida mvura. Uye zvairatidzika sezvainamata zvose, musoro yazvo yakakotamiswa, “Ishe, tumirai mvura, tumirai mvura.” Zvino makore makuru akasimuka, mvura ikanaya pazviri zvose. Payakanaya zviyo zvidiki zvakafara zvikatanga kuti, “Mwari ngaarumbidzwe! Mwari ngaarumbidzwe!” Uye mashawi maduku akafara ari parutivi, akati, “Mwari ngaarumbidzwe! Mwari ngaarumbidzwe!”

¹⁷ Zvino chiratidzo ichi chakadudzirwa. Mvura inonaya pana vakarurama navasina kururama. Mweya mumwe chete unokwanisa kuuya mumusangano, munhu wose akafara: kunyengeri, maKristu, navose pamwe chete. Ndizvo chaizvo. Asi chii? Nezvibereko zvavo vachazivikanwa. Maona? Ndiyo nzira yoga yokuti zvizivikanwe.

¹⁸ Zvino munoona iko zvino kuti, sezvo mbeu dzomusango, mashawi nedzimwe mbeu dzichifanana nedzechokwadi, dzomumunda, zvakanyanya kwazvo zvokuti zvinokwanisa kunyengeri Vasanangurwa. Ndinofunga kuti tiri kurarama muchizvarwa ichi, panofanira kutaurwa zvinhu izvi nokuparidza pamusoro pazvo.

¹⁹ Cherechedzai mundima 41, kuti zviviri izvi zvinenge zviri padyo napadyo, zvakanyanya mumazuva okupedzisira kusvikira haAna kuzviita. . . HaAna kuvimba neimwe chechi kuti ivapatsanure, kuti, maMethodisti kana maBhaptisti, kana maPentekosti, kuti avapatsanure. Akati, “Achatumira vatumwa Vake kuzopatsanura.” Mutumwa ari kuuya kuzounza kupatsanurwa, kutsaura zvakanaka kubva mune zvakaipa. Zvino hapana munhu anokwanisa kuita izvi kusiya koMutumwa waShe. Ndiye achataura kuti chakanaka ndechipi uye chakaipa ndechipi. Mwari Akataura kuti achatumira vatumwa Vake nguva yokupedzisira. Kwete ngirozi dzakavapo *pano*, asi ngirozi panguva yokupedzisira, dzinozounganidza pamwe chete. Tinoziva kuti tava kusvika panguva yokukohwa iko zvino. Zvino, *ngirozi* inodudzirwa kuti “mutumwa.” Zvino tinoona kuti kuna vatumwa vanomwe kumazera manomwe echechi, uye iko zvino. . . Kwete, mumazera echechi.

²⁰ Cherechedzai kuti Akataura kuti vakushi vakanga vari vana ani, zvakare kuti mbeu chaiva chii. Mumwe, wavakushi ava akanga ari Iye, Mwanakomana waMwari, akaenda achikusha Mbeu. Zvino muvengi akatevera mushure Make, aiva Dhiyabhorosi, akadyara mbeu yenyonganiso, mushure mokunge madyarwa Mbeu yakanaka. Zvino, shamwari, izvi zvakaitika muchizvarwa choga choga kubva kumavambo enyika. Ndizvo chaizvo. Nzira yose kubva pakutanga, zvakatanga zvakadararo.

²¹ Zvino Akati, “Mbeu yaMwari, iShoko raMwari.” Jesu akadarwo, pane imwe nzvimbo, akati “Shoko raMwari iMbeu.” Uye mbeu yoga yoga ichabereka rudzi rwayo. Zvino kana maKristu, vana vaMwari, vana voHumambo kana vava Mbeu yaMwari, ipapo vanofanira kuva Shoko raMwari, Shoko raMwari riri kuratidzwa muchizvarwa chavari kurarama, kuva Mbeu yakavimbiswa muchizvarwa ichocho. Mwari akapa Shoko Rake pakutanga, uye chizvarwa choga choga chine Mbeu yacho, nguva yacho, nevimbiso dzacho.

²² Zvino, Noa paakauya, uye akanga ari Mbeu yaMwari, Shoko raMwari munguva yezera iroro.

²³ Mosesi paakauya, akanga asingakwanisi kuuya nemharidzo yaNoa, yakanga isingagoni kushanda, nokuti akanga ari Mbeu yaMwari panguva iyi.

²⁴ Zvino pakauya Kristu, haAikwanisa kuuya nemharidzo yenguva yaNoa kana yaMosesi; yakanga iri nguva Yake, yokuti mhandara ibate mimba igobereka Mwanakomana, Aizova Mhesiyasi.

²⁵ Zvino, takararama munguva yezera raLuther, nguva yezera raWesley (Zera reMethodisti), zvichidaro munguva yamazera ose, nenguva yezera rePentekosti, uye zera roga-roga rakapiwa vimbiso yeShoko. Zvino vanhu vezera iroro, vakaratidza Shoko rakavimbiswa iri, ndivo Mbeu yechizvarwa ichi, maererano nezvakataurwa naJesu pano, “Vana voHumambo.” Ndizvo. Kuratidzwa kwoMweya Mutsvene kubudikidza navana Vake ndivo Mbeu yoHumambo muchizvarwa ichocho.

²⁶ Cherechedzai, mashawi ndivo vakadyarwa, nomuvengi, Satani, akadyara kupesana, kana—kana mbeu yenyonganiso, ndiye akanga ane mhosva yokuita chinhu chakaipisisa ichi. Satani akadyara mbeu yake kubva pakutanga, Mwari paakaisa vanhu vokutanga panyika. Adhama, kunyangwe, aiziva kuti pane zivo yechokwadi, neyechakanaka nechakaipa, asi akanga asati asvika pakuzviziva.

²⁷ Asi takaona kuti, Mwari akapa vana Vake Shoko Rake kuti vaChengetedzwe. Ivo...Hapana chimwe chinhu chingatiChengetedza kusiya kweShoko raMwari. Ndiyo Chengetedzo yedu. Hakuna mabhomba, hakuna zvinodzivirira, hapana nzvimbo dzokuvanda, kuArizona kana California, kana kungava kupi; panongova neChengetedzo imwechete yatinayo, uye ndiro Shoko. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu, rinova Kristu Jesu, Ndiye oga Chengetedzo yedu. Kana tiri maAri, takachengetedzwa.

²⁸ Zvakaipa hazviverengerwi kumutendi wechokwadi. Izvi maizviziva here? Uyo akaberekwa naMwari haakwanisi kuita zvakaipa, haakwanisi kutadza. Maona? Haatombozviverengerwi. Ndicho chikonzero, Dhavhidhi akati, “Vakakomborerwa munhu asingaverengerwi zvakaipa zvake

naMwari.” Kana uri muna Kristu, hauna chido chokutadza. “Munamati, kana anatswa kamwe, haazovi nechido chechivi,” hauzoshuvi chivi. Zvino, kunyika, ungava mutadzi; asi, kuna Mwari, unenge usiri mutadzi, nokuti uri muna Kristu. Ungagova mutadzi sei iwe uri muno Uyo asina chivi, uye Mwari anongoona Uyo wauri maAri?

²⁹ Zvino munguva ino yokukohwa. Pakutanga, Mwari paakadyara Mbeu Yake panyika akaidyara mumwoyo yavana Vake, mhuri Yake, kuti vachengete Shoko iri, ndiyo yakanga iri Chengetedzo yavo chete, chengetai Shoko iri! Ipapo pakauya muvengi Akabvisa chaidzivirira ichi, nokudyara mbeu yenyonganiso; inopesana neShoko raMwari. Kana yaiva nyonganiso pakutanga, ichiri nyonganiso! Chinhu chose chinowedzera paShoko raMwari, imbeu nyonganiso! Handina mhosva kuti zvinobva kupi, kana zvichibva kumasangano, kana kumauto, kunyangwe zvichibva kusimba razvamatongerwe, chinhu chose chinopesana neShoko raMwari, imbeu yenyonganiso!

³⁰ Kana munhu akasimuka achiti muparidzi weEvhangeri, otaura kuti “mazuva amashura akapfuura,” imbeu yenyonganiso. Kana munhu akasimuka akataura kuti muparidzi, kana mufudzi wechechi yokune imwe nzvimbo, uye asingatendi kuti Jesu Kristu haashanduki (kusara komutumbi wake wenyama), haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi, inenge iri mbeu yenyonganiso. Kana akataura kuti “mashura nechizvarwa chavaapostora chakapfuura,” imbeu yenyonganiso. Kana vachiti, “Hakuna chakadaro sokupodzwa Kutsvene,” imbeu yenyonganiso. Uye nyika yose yazara nazvo. Zvinopararira kose zvovhunga zviyo.

³¹ Tinoona kuti mukushi wokutanga wembeu yenyonganiso akanzi “ndiDhiyabhorosi,” uye tinoziva kuti ndizvo, muna Genesisi 1. Zvino takaona kuti, zvakare pano muBhuku raMateo, chitsauko 13, Jesu ari kuti nyonganiso paShoko Rake ndi”Dhiyabhorosi.” Zvino mugore rino ra1956, chose chinodyara nyonganiso, kana chinopesana neShoko raMwari rakanyorwa, kana chinopa dudziro yapakavanda paRiri, imbeu yenyonganiso. Mwari haazoriremekedzi. Haakwanisi kudaro. Hazvikwanisi kusanganiswa. Hazvikwanisiki zvachose. Zvakafanana nembeu yemastardhi; haikwanisi kusanganiswa nechimwe chinhu, haukwanisi kuisanganisa nechimwe chinhu, inofanira kunge iri iyo chete. Mbeu yenyonganiso!

³² Zvino takaona kuti, Mwari paakadyara Mbeu Yake muBindu reEdheni, takaona kuti yakaunza Abheri. Asi Satani paakadyara mbeu yake yenyonganiso, yakaunza Kaini. Mumwe akaunza akarurama; mumwe akaunza asina kururama. Nokuti Evha akaterera kumbeu yenyonganiso, yaipesana neShoko raMwari, zvino zvikatanga chivi pakarepo, kubva ipapo kusvika zvino. Zvino hatikwanisi kubva mazviri kusvikira vatumwa vauya

kuzozvipatsanura, uye Mwari otera vana Vake kuHumambo hwake, uye mashawi ozopiswa. Cherechedzai mizambiringa miviri iyi.

³³ Ndinoshuva kuti dai tanga tine nguva yakawanda panyaya iyi, asi tiri kungoda kurova panhongonya, kuti tikwanise kuenderera mberi nokunamatira vanorwara mumaminetsi mashoma ari kutevera.

³⁴ Cherechedzai, mbeu idzi dzakakura pamwe chete sezvakataura Mwari pano pachitsauko 13, chenyaya yedu husiku huno, muna Mateo, “Regai zvikure pamwe chete.” Zvino, Kaini akaenda kunyika yeNodhi, akazviwanira mudzimai, akarooro; uye Abheri akaurawa, zvino Mwari akamutsa Seti kuti atore nzvimbo yake. Uye zvizvarwa zvakatanga kuenderera mberi, vakanaka novakaipa. Zvino, tinoona kuti vakaunganidzana, mumwe nomumwe, nguva nenguva, uye Mwari aka . . . Vakaipa zvakanyanya kusvikira Mwari akavaparadza.

³⁵ Asi dzakaramba dzichikura kusvikira mbeu idzi, mbeu yenyonganiso neMbeu yaMwari, dzabudisa misoro yadzo chaiyo, izvi zvakaitika muna Judhasi Isikariyoti uye Jesu Kristu. Nokuti, Akanga ari Mbeu yaMwari, Akanga ari kutanga kwezvisikwa zvaMwari, Akanga asiri chimwe chinhu kunze kwaMwari. Uye Judhasi Isikariyoti wakaberekwa ari mwanakomana wokurashika, wakabva kugehena, akadzokera kugehena. Jesu Kristu aiva Mwanakomana waMwari, Shoko raMwari richiratidzwa. Judhasi Isikariyoti, munyonganiso yake, waiva mbeu yaDhiyabhorosi, akauya munyika, kuzonyengera; sezvakanga zviri pakutanga, naKaini, baba vake vokutanga.

³⁶ Judhasi aingoedzesera kutenda. Akanga asina kunyatsoperera, akanga asina kutenda chaiko (nokuti angadai asina kumbotengesa Jesu). Asi, munoona, akadyara mbeu yenyonganiso. Aifunga kuti angaita ushamwari nenyika, nemari, uye zvakare oita ushamwari naJesu, asi haana kuzokwanisa kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Nguva iyi payakazosvika, paakaita chinhu chakaipa ichi, akadarika muganhu wokuenderera mberi kana kutendeuka. Aifanira kuenda nenzira yaakanga afamba nayo, somunyengeri. Akadyara mbeu yenyonganiso, akaedza kuti awane kufarirwa namasangano makuru omuzuva iri, namaFarise namaSedhuse. Uye akafunga kuti angazviwanira kamari, uye ozova nomukurumbira pakati pavanhu. Kana zvisirizvo zvinokonzera vanhu vakawanda kuti vapinde munyonganiso, vachiedza kufarirwa navanhu! Ngatitsvakei kufarirwa naMwari, kwete navanhu. Asi ndizvo zvakaitwa naJudhasi nenyonganiso yakanga iri maari.

³⁷ Zvino tinoziva kuti Jesu akanga ari Shoko, Johane 1:1, inoti, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakazova

nyama rikagara pakati pedu.” Zvino, Shoko iMbeu, zvino Mbeu yakazova nyama ikagara pakati pedu.

³⁸ Kana Judhasi akanga ari mbeu yomuvengi yenyonganiso, yakazova nyama ikagara pakati pedu muna Judhasi Isikariyoti. Akanga asina kutenda, kutenda chaiko. Akanga ane *zvaaiifunga* kuti kutenda. Pane chinhu chakadaro sokutenda; uye kutenda kwapakati.

³⁹ Zvino kutenda chaiko kwaMwari kunotenda Mwari, uye Mwari iShoko, hakuwedzeri chimwe chinhu kwariri. Bhaibheri rinotiudza kuti kana tikawedzera shoko rimwe, kana kubvisa Shoko rimwe, chikamu chedu chinobviswa muBhuku roHupenyu, Zvakazarurwa 22:18, chitsauko chokupedzisira.

⁴⁰ Pakutanga, muBhuku rokutanga reBhaibheri, Mwari akavataurira kuti vasabvisa Shoko rimwe zvaro Umu, “Shoko rose rinofanira kuchengetwa,” vanofanira kurarama neShoko iri. Jesu, pakati peBhuku, akauya akataura kuchizvarwa Chake, akati, “Munhu haangarami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe ri—rinoba mumuromo waMwari.” Uye chizvarwa chokupedzisira muna Zvakazarurwa, zvakafanotaurwa kwatiri, kuti “Ani nani achabvisa Shoko kubva muBhuku, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chinobviswa muBhuku yoHupenyu.”

⁴¹ Nokudaro hapafaniri kuva nechimwe chinhu chino mumvuri, panongodiwa chokwadi, chisina kusvibiswa cheShoko raMwari! Ndivo vanakomana vaMwari, navanasikana vaMwari, vasina kuberekwa nokuda kwomunhu, kana nokukwazisana muruoko, kana imwe mando yokubhabhatidza; asi vakaberekwa noMweya waMwari, noMweya Mutsvene, uye Shoko richizviratidza paCharo nomavari. Ndiyo Mbeu yaMwari yechokwadi!

⁴² Muvengi anozviita nhengo yechechi onyatsotendavo dzidziso yavanhu kana chimwe chinhu. Asi handizvo... Inyonganiso, chinhu chose chinopesana neChokwadi chizere cheShoko raMwari.

⁴³ Zvino tinoziva sei? Tinoti, “Zvino, ivo, vanemvumo yokuRidudzira?” Kwete, changamire! Hapana munhu anemvumo yokududzira Shoko raMwari. Iye Mududziri paChake. Akazvivimbisa, uye Anozviita, ndiyo dudziro yacho. Kana AkaZvivimbisa, Uye oZvizadzisa, ndiyo dudziro yaCho. Chinhu chose chinopesana neShoko raMwari inyonganiso! Chokwadi!

⁴⁴ Zvino, sezvandambotaura, Judhasi akanga asina kutenda chaiko. Akanga anokutenda kokunyengera. Aiva no—nokutenda kwaifunga kuti Mwanakomana waMwari, asi akanga asingazivi kuti Mwanakomana waMwari. Angadai asina kuzviita. Uye munhu anorerutsa paShoko raMwari kuva Chokwadi, anenge

anokutenda kokunyepera. Muranda waMwari wechokwadi anobatirira paShoko.

⁴⁵ Husiku hushoma hwapfuura, mumwe muparidzi, wokuArizona, ane chikoro chikuru, chino mukurumbira muguta rino, akauya kwandiri akati, “Ini—ndinoda kukutwasanudza pane chimwe chinhu” (Ndikati. . .) “kana wawana nguva.”

Ndikati, “Ino ndiyo nguva yacho. Huya hako.”

⁴⁶ Zvino akauya, akati, “VaBranham, muri kuedza. . . Ndinotenda kuti makaperera uye makatendeka, asi muri kuedza kuunza kunyika Dzidziso yavaapostora.” Uye akati, “Chizvarwa chavaapostora chakapfuura panguva yavaapostora.”

⁴⁷ Ndikati, “Chinhu chokutanga chandinoda kukuvhunza, hama yangu, unotenda here kuti Shoko rose raMwari rakafemerwa?”

Akati, “Hongu, changamire, ndinotenda kudaro.”

⁴⁸ Ndikati, “Zvino, ungandiratidza here muShoko pakaperera chizvarwa chavaapostora? Zvino, ndiratidze kuti zviri papi, ndinozovitenda pamwe chete newe.” Zvino ndakati, “Munyori wavaapostora, uyo akanga ane kiyi dzoHumambo, pazuva rePentekosti pakatangira chizvarwa chavaapostora, vakati, ‘Varume hama, tingaitei kuti tiponeswe?’ Akati, ‘Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu, kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene, nokuti vimbiso ndeyenyu nokuvana venyu, nokuna avo vari kure, vanozodanwa naShe Mwari wedu.’ Zvino, Shoko iri ringazvipikisa paCharo sei?”

Murume uyu akati, “Ndiri kurwara husiku huno.”

Ndikati, “Neni, ndino kufunga kudarovo. Maona?”

⁴⁹ Zvino ndiudzei, kuti Mwari achiri kudana here? Kana Mwari achiri kudana, chizvarwa chavaapostora chichiripo nhasi. Chokwadi! Kunyangwe vanozodanwa naShe Mwari wedu, vakadanwa, vachazodanwa, aninani Achadanwa, chinenge chichingova chizvarwa chavaapostora, nokuti Jesu Kristu haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi.

⁵⁰ Zvino, tinoona nhasi kuti nyonganiso iyi yakadyarwa muchizvarwa choga choga. Dai taikwanisa kupinda mazviri mumaminetsi gumi kana gumi namashanu achatevera, ndaizviita, asi hazvikwanisiki. Muzvizvarwa zvapakfuura. . . Tose tinoziva, vazhinji vanoverenga Bhaibheri. Zvino sezvakaaita pakauya Jesu, Akawana nyonganiso iyi, kupesana. Akanga ari Shoko rairatidzwa, Akanga ari dudziro kuShoko raMwari, nokuti Akati, “Nzverai Magwaro, nokuti maari munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, zvino ndiwo anoNdipupurira.” Wazvionaka. Iye—Iye akanga ari kududzirwa kweShoko. Uye mwanakomana nomwanasikana wose waMwari akaberekwa patsva muchizvarwa chino iShoko raMwari riri kududzirwa.

Muri tsamba dzinoverengwa, dzinoverengwa navanhu vose. Hongu.

⁵¹ Cherechedzai, Akati, “Vanondinamata pasina, vachidzidzisa nyonganiso seDzidziso. Vanondinamata pasina, vachidzidzisa nyonganiso seDzidziso, dzidziso dzavanhu, zvitendwa zvavanhu, vachidzidzisa izvi seShoko raMwari, izvo zvisina chokuita neShoko raMwari.”

⁵² Tarisa, chizvarwa choga-choga chakabereka chibereko chakadaro, chizvarwa choga-choga chakazviita, uye chizvarwa chedu hachisari pazviri. Tine zvimwe chete, uye zvakawanda kudarika zvimwe zvizvarwa zvose zvakabatanidzwa pamwe chete, nokuti uku ndiko kuguma kwenhorooondo yenyika. Pano ndipo pane nyonganiso huru yati yambova panyika, iri panyika nhasi. Nyonganiso mune zvimwe zvizvarwa yakavabvisa pachokwadi chaMwari anorarama, ichivaisa kumipunzo. Nhasi, Jesu akati muna Mateo 24:24 kuti zvichange zviri padyo napadyo zvokunyengera Vasangurwa dai zvaikwanisika. Munotaura pamusoro penyonganiso! O-o, zvina mano mano. Satani ari muvanhu, uye vane dzidzo yebhaibheri, Dhokota weDivinity chaiye, anodzidzisa Shoko iri zvakada kukwana. Jesu akataura kudaro. Asi mutarise, pane paripo pamwe. Paanoti, “Zvino, izvi, hazvisi zvaapa.” O-o, hongu, ndezvaipapovo, zvakare, maona, nokuti Mwari akati zvakadaro.

⁵³ Wona zvazvakaita. Nyonganiso iyi yakaunza hasha dzaMwari mumazuva aNoa, Mwari paakatumba muprofiti Wake akaparidza somwoto waipfuta, akaudza vanhu kuti vatendeuke, uye nyonganiso yose yakaparadzwa. Zvino Satani akaiti? Akatevera mumashure, kubudikidza naHamu, akatanga kuikusha zvakare. Ndizvo chaizvo.

⁵⁴ Pakazouyavo Mosesi, muprofiti mukuru uyu, kuzoburitsa vana vaIsraeri kuenda navo murenje. Chii chakaitika? Mosesi, muprofiti mukuru waMwari, achivaunzira Chokwadi chizere, Chokwadi chakasimbiswa. Akanga asangana naMwari. Mwari akasimbisa kuti akanga asangana Naye. Zvino ava vakanga varipo, vaprista ava, vakanga vane zvinamoto zvavo, nezvitevedzwa zvavo, nemvumo dzavo nezvimwe zvose, asi Mosesi akamira sokusimbiswa kokududzirwa kweShoko. Musakanganwa izvi! Mosesi akanga ari dudziro yaMwari yevimbiso Yake. Akati Aizozviita; Akanga ari kududzirwa kwaMwari.

⁵⁵ Chii chakaitika? Chechi yakatanga kubuda muEgipita, ikafamba mazuva mashoma, zvino chii chakaitika? Satani akauya nenyonganiso mumunhu, Kaini wechipiri, ainzi Bharami, uye akadyara nyonganiso pakati pavo. Tinoziva kuti ndizvo. Iye Bharami, dzidziso yaBharami, yaiva yokuti “tose tiri vamwe, tinonamata Mwari mumwe chete vamunonamata,” pane zvinoonekwa, akanga achitaura chokwadi, nokuti aipa

chipiriso chaidiwa naMwari; makondobwe manomwe, nzombe nomwe paartari nomwe, zvakare ainamata Mwari mumwe chete zvizere sezvaiita Mosesi ari murenje, zvakanyatsofanana. Asi vakanga vasiri vamwe! Zvichifanoratidza kwatiri zvaizoitika. Ipapo, paiva zvakare, naKaini achiratidzwa mu— muhunhu hwaBharami. Zvino Mwari airatidzwa muhunhu hwaMosesi, achidudzira Shoko Rake kubudikidza nomunhu, achizvizivisa paChake, vimbiso Yake, kubudikidza nomunhu. Zvino nyonganiso yakasimuka.

⁵⁶ Ndizvo zvazvakaitavo munguva yaJudhasi, akauya nenyonganiso yake.

⁵⁷ Zvino, rangarira, chivi ichi chakatendwa navanhu ava, chokuti “tiri vamwe, tinonamata Mwari mumwe chete, tose tinofanira kuva muchechi imwe, tinofanira kuva vanhu vamwe,” chivi ichi hachina kumboregererwa kuIsraeri! Jesu akati, paChake, “Vose vakafa!”

⁵⁸ Vose vakaparara, kusara kwavatatu, zvino ava ndivo vakabatorira vakatenda vimbiso. Apo vakanga vasina simba pavakati, “Hatikwanisi kutora nyika, mutoro kwatiri,” nezvimwe; Karebhi naJoshua vakanyaradza vanhu, vakati, “Tinokwanisa kuitora, nokuti Mwari akaIvimbisa kwatiri! Handina mhosva kuti vanopikisa vakadini!”

⁵⁹ Zvino tinokwanisa kuramba tichiparidza kupodzwa Kutsvene, nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, zvakare tichiramba tiine simba raMwari rokutipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika. Mwari akataura kudaro! Chizvarwa chavaapostora hachina kupera, uye hachigumi, chinoenderera mberi.

⁶⁰ Nokudaro, tinoona mukushi wenyonganiso mumwe chete. Zvino rangarirai, chivi ichi hachina kumboregererwa. Zvino, hama, kana chisina kuregererwa ipapo, zvakadii nhasi apo mbe— mbeu chaiyo yezvizvarwa zvose yava kuuya pamwe chete?

⁶¹ Cherechedzai chinhu chikuru ichi chakaitwa naBharami, chakaenderera mberi, chikapedzisira chava mukuya kwa— kwaJudhasi Isikariyoti, naJesu. Chaiva chii? Judhasi naJesu vakanga vari mufananidzo wakakwana waKaini naAbheri. Nokuti, saJudhasi akanga achinamata, ndizvo zvakanga zvakaita Kaini ainamata. Kaini akavaka artari, akapira chipiriso, akanamata Mwari, akanga akaperera mazviri sezvakanga zvakaita mumwe wake. Asi, munoona, akanga asina chizaruro chokuti Shoko raiva chii. Aifunga kuti Adhama naEvha vakadya maaporo kana mumwe muchero. Zvino Kaini... Abheri, nechizaruro, akaziva kuti zvakanga zvisiri izvo; Raiva ropa raidiwa, zvino akapira gwayana. Uye Mwari akamupupurira kuti chipiriso chake chakanga chakanaka. Ipapo akava negodo akaedza kuuraya munin’ina wake. Zvino paakauraya munin’ina wake paartari imwe chete yaakanga

apira chipiriso chake, gwayana rakanga rafira paartari, ndizvo zvakaitavo Judhasi Isikariyoti akatengesa Jesu paartari yaMwari, akaMuurayavo saKaini akauraya Abheri. Nokuti, Kaini akanga ari mbeu yenyonganiso.

⁶² Zvino ndizvo zvakanga zvakaitavo Bharami, muprofito aita zvokutengwa, munhu aifanira kuziva zviru nani. Mwari akamuyambira kubudikidza nezviratidzo namashura, uye kunyangwe mbongoro yakataura nendimi, uye kunyangwe zvakadaro akaenderera mberi. Akaberekwa a—ari mukushi wenyonganiso.

⁶³ Zvino kana Jesu akafanotaura kuti chizvarwa chino chaizoguma chiine nyonganiso huru yati yambovapo, chizvarwa chechechi yeRaodhikiya, chinodziya, vakaMudzingira kunze kwechechi, zvino chii chingazoitika kusiya kwenyonganiso! Chokwadi, ndizvo zvazviri. Zvinoperera pachizvarwa ichi.

Zvino ndiKaini naAbheri zvakare paKarivhari.

⁶⁴ Zvino cherechedzai, sezvazvakagara zvakaita, Jesu paakangobva, achienda kuDenga, Mweya Mutsvene wakadzoka. Ndiyo yaiva Mbeu, mupi woHupenyu kuShoko, sokutaura kwatakaita husiku hwapfuura. Ndiwo Unomutsa Shoko. *Kumutsa* zvinoreva “kuunza kuHupenyu.” Mweya Mutsvene wechokwadi chaiwo unongounza Hupenyu kuShoko riri zvaUri. Hauunzi dzidziso yavanhu kuHupenyu, haZvikwanisiki, nokuti haUsi dzidziso yavanhu. Iwo Hupenyu hweShoko raMwari, nokuti Iwo ndiMwari. Maona? Zvino Unomutsa Mutumbi uyu.

⁶⁵ Zvino cherechedzai, sezvakaita. Ipapo, sezvakataurwa neBhaibheri, uye—uye Johane akataura kuvana vake, akati, “Vana vaduku, makanzwa kuti antikristu achauya munyika,” akati, “atavamo munyika, uye ari kushanda ari muvana vokusaterera.” Izvi, zvakanyora kwapera makore makumi matatu mushure mokuuya koMweya Mutsvene. Takaona kuti, Mweya Mutsvene pawakauya, Mbeu chaiyo, Mupi woHupenyu chaiye kuMbeu, ipapo ndipo pakazouya nyonganiso zvakare. Zvino cherechedzai, zvakaenderera mberi. Zvaiva . . .

⁶⁶ Shoko chairo rakanga rasimbiswa, vaprofito ava vakare vakanga vasimbisa Shoko raMwari kuti iChokwadi panguva yavo. Kana mumwe munhu akamboverenga nyaya yeKanzuru yeNicaea, kana yeKanzuru yePre-Nicaea, mazuva gumi namashanu okurwisana nezvamatongerwe, paiva neboka ramaRoma raida kuita dhinominesheni pachechi yakanga iripo. Vaprofito vakauyapo, vakafuka matehwe amakwai, vachidya midzi, vachiramba vakamira neShoko! Zvino vakaiti? Zvaifanira kuita sezvakaita Kaini, zvaifanira kuita sezvakaita Abheri, mumwe aifanira kufa. Chokwadi, zvakaitika saizvozvo. Uye Shoko rikasava nesimba Raro pavanhu, zvakare vose vakasarudza kusava neShoko vakatora zvitendwa zvenyonganiso zvechechi yechiKatorike yokutanga.

Vakawedzera kuva napapa, vakawedzera mabhishopi, vakawedzera *izvi, izvo, nezvimwe*. Vakabvisa chokwadi chizere chezvaiva chaPetro, uye zva—zva—zvaiva Maria, na—navamwe vose; vakaita zvimipudzo, uye vakaguma vasina chinhu kusiya kwetsika dzechihedheni dzainzi chiKristu. Chaiva chii? Mbeu yenyonganiso! Uye ndokuita sangano, kuita sangano, rokutanga panyika, chechi. Chaiva chii? Mbeu iya yenyonganiso yakakushwa, chimwe chinhu chichiwedzerwa, chimwe chichibviswa.

⁶⁷ Ndiani akambonzwa, muBhaibheri, kuti usadya nyama nomusi weChishanu? Ndiani akambonzwa, muBhaibheri, chimwe chinhu pamusoro pokusasa mvura panzvimbo yokubhabhatidza, uchinyudzwa? Ndiani akambonzwa chimwe chezvinhu izvi, chokuti “Kwazivai, Maria” kana chimwe chinhu? Ndiani akambonzwa zvimwe zvinhu zvakaora zviri kumaProtestanti, zvakare? Poto haingati kune ketero wakasviba. Ndizvo! Kana, ane mhosva muzvidiki ane mhosva munezvose! Ndiani akambonzwa kuti Mwari anoshanda nesangano? Ndiratidze nzvimbo imwe chete pakaitwa sangano vakaramba vari vapenyu. Vaifa pakarepo, uye vakanga vasingazomuki zvakare! Inguva yokuti chimwe chinhu chichiitika, inguva yokuti Mwari achifamba. Zvinouraya simba pakati pavanhu.

⁶⁸ Zvinhu zvimwe chete zviri kuitwa nhasi. Vanobvisa simba, vachiti, “O-o, iboka ravatsvene vasingazvibate, havana maturo.” Zvino, chii, inyonganiso! Sangana neShoko chiso nechiso uone kuti Rakaita sei, wona kuti Mwari haadudziri Shoko Rake Amene here. Mwari anokwanisa kumutsira Abrahamu vana pamabwe awa. Amen.

⁶⁹ Shoko rakanga rasimbiswa zvizere namaKristu okutanga, kuti Mwari akavadzikinura kune zvose, nezvirwere, uye vakanga vane vaprofitu, zvakare vaitaura nendimi, vachidudzira, vachitaura zvinhu zvaisimbiswa kuti ichokwadi nguva dzose. Asi mushure mokuona Shoko rakasimbiswa iri, vanhu vakasarudza kusaRitenda, vakasarudza dhinominesheni. Ndivo mai vamasangano ose.

⁷⁰ Zvose zvasvika pakuibva iko zvino. Zvakatanga mumbeu zvakare. Ikafa, asi yakabukira zvakare mumazuva aLuther, sokuziva kwatinoita nemharidzo pano mangwanani. Zvakabukira munguva yaLuther. Zvino vakazoitei? Pakarepo mushure mokufa komukuru uyu, vakaita sangano.

⁷¹ Yakabukira. Uye zvakare mumazuva aJohn Wesley, apo maAnglican, nokutenda kwavo kokuchengetedzwa nokusingaperi vakanga vazvisunga kusvika zvasvika pakuti mhunhu wose achaponeswa, zvino chii chakaitika? Mwari akamutsa munhu ainzi John Wesley, akaparadza zvose. Zvino paakangofa, iye naAsbury navamwe, chii chakaitika? Vakaita sangano, zvino iko zvino kwava nemhando dzakawanda

dzamaMethodisti. Zvino kwakazouya mumwe kana kuti vamwe, Alexander Campbell, John Smith, navamwe.

⁷² Pokupedzisira, kwakazouya Pentekosti, ichibuda mazviri zvose. Chii chakaitika? Vaimbofamba zvakanaka, chii chakakudzivisa? Makadzokera mumadhaka mamwe chete amakanga mabuda maari, mukadzokera zvakare mune zvakamanga mabuda mazviri, makadzokera kunyonganiso nokuita masangano, makarerutsa Shoko. Zvino Mwari nguva dzose paaitumira chimwe chinhu chitsva, hamuna kuchigamuchira. Ndizvozvo! Nyonganiso zvakare! Zvino, cherechedzai, sezvandakataura rimwe zuva, chibande chezviyo pachakabuda kubva mumidzi, chinotungira mashizha nomuchekechera, chosvika kuva dzinde, chokura zvakare. Hura painotumbuka inoratidzika seine zviyo chaizvo, uye tinofunga kuti zviyo, asi kana ukaivhura, munenge musina tsanga zvachose. Inongova hundi yokuputira mbeu painenge ichikura, uye inooma zvakare, hupenyu hwoenderera mberi hwopinda mutsanga. Cherechedzai, vanodana machechi akakusha . . .

⁷³ Takaona kuti anonzi machechi nhasi, kunyangwe kumaPentekosti edu, takaenda, hatina kugutsikana, takaita mapoka edu. Zvinhu zvose zvikavapo, taifanira kuva neizvi, taifanira kuva neizvi, taifanira kuva nerimwe boka. Zvino mumwe munhu akasimuka, akati, “Ari kuuya mugore jena.” Mumwe ndokuti, “Uh-huh, Ari kuuya ari pabhiza jena.” “Zvakanaka, tichaita mapoka maviri.” Maona, chii ichocho? Kudiyara nyonganiso! Kana Ava kuuya, chingava chii, anodudzira Shoko Rake Amene kana Ava kuuya. Ngatimirirei kusvikira nguva iyoyo. Batai . . . Muchitaura pamusoro peizvi, haungazivi Mharidzo yezuva rino. Nguva dzose kunongedzera kune zvichazoitwa naMwari, kana pane zvaAkaita, asi usingaone zvaAri kuita. Ndiyo nzira yatakapinza nayo nyonganiso mazviri.

⁷⁴ Zvino tinocherechedza kuti nhasi mumachechi edu, ose—ose machechi edu takadyara mhupo, zvino tava kukohwa chamupupuri. Hatichisina misangano yokunamata, hatichisina misangano yataisimbova nayo. Chikonzero chii? Takazarura misuvo kuzvinhu zvose. Tarisai, kunyangwe chechi dzedu dzePentekosti, dzakazara namadzimai ane vhudzi rakagerwa. Izvi zvakanga zvisingambobvumirwi. Vanopenda kumeso, vanopenda nzara, nokuita zvinhu zvakasiyana; vachitora munhu ane . . . Vakaita savana Ricky navamwe; vakarooro katatu kana kana, vovaita madhikoni; o-o, inyonganiso yakadii! Itsvina! Vanozviita sei? Mwari haakwanisi kuva nazvo muChechi Yake, vaitofanira kuenda kusangano kuti vapinde mazviri. Mumwe munhu anotyana kutaura pamusoro pazvo, nokuti anozoburitswa musangano. Mwari, tipei varume vasina kubatanidzwa nezvimwe zvinhu kunze kwaMwari neShoko Rake, vanotaura Chokwadi pamusoro paro. Ndizvo chaizvo

zvatinoda. Takaitei? Takadyara nyonganiso. Takadyara mhengo, zvino iko zvino tava kukohwa chamupupuri.

⁷⁵ Cherechedzai kuti vari kuunganidzwa pamwe chete kuti vapiswe. Makacherechedza here, kuti Jesu akati, “Tangai, kuunganidza pamwe chete, mwanda, uye moisa mwanda iyi padutu rimwe, ndicharipisa.” Pane kamwanda kaduku kanonzi Methodisti, Bhaptisti, Presbyteriani, Lutheraneni, vose vari kuungana muWorld Council of Churches. Chii ichocho? “Vaunganidze kutanga!” Hareruya! Mazvicherechedza here, Anunganidza mashawi kutanga, obviswa kubva muzviyo, opatsanurwa, “Aunganidze pamwe chete uye ogopiswa.” Ose achapiswa nokutonga kwaMwari, nokuda kokudyara nyonganiso pakati pavanhu, zvinhu zvavano. . . Vane mufananidzo chete wokunamata Mwari, asi vakarasha Simba rako, vachiramba Shoko, vanongobatirira tsika dzezvinamoto nezvimwe zvitendwa zvakaiswa nomumwe munhu, achiedza kuzviisa muShoko raMwari. Hazvishandi. Inyonganiso.

⁷⁶ Ndinodanidzira nhasi, sezvakaita, muprofiti mukuru wakare, Amosi, paakauya muguta, akati, “Handisi muprofiti, kana mwanakomana womuprofiti. Asi kana shumba yavomba, ndiani ungarega kutya!” Akati, “Kana Mwari akataura, ndiani ungarega kuprofiti.” Akataura kutongwa pachizvarwa ichocho, akati, “Mwari wamunoti munoshumira achakuparadzai.”

⁷⁷ Imi isai izvi, zviripatepi, uye rangarirai. Mwari mumwe chete uyo. . . Vanhu ava vari kuungana mukukohwa kukuru uku mu—muWorld Council of Churches. Zvino muchatopinda mairi. Hamukwanisi kugara muri kunze kwayo. Unotobuda mairi uri woga, kana kuti muchapinda mairi. Hapana kumira pakati. Unenge uri mucherechedzo wechikara. Hakuna munhu anokwanisa kutenga kana kutengeserwa, kusara kwouyo anenge ane mucherechedzo wechikara, kana ane nyonganiso. Zvino, garai muri kunze kwayo! Budai mairi! Tizai! Garai muri kure nayo! Mwari avari kuti vari kushumira achavaparadza. Mwari mukuru ano rudo usingaregi. . .

Vanoti, “Ingawani, Jesu akanamata kuti tive vamwe.”

⁷⁸ Zvino Akatauravo kuti, “Vaviri vangafamba sei vose pamwe chete, vasingawirirani?” Akati “mumwe,” sezvaakaita Iye naBaba kuva Mumwe. Zvino Baba vakanga vari Shoko, uye Iye akanga ari Shoko riri kuratidzwa. Iye akanga ari “Mumwe” naBaba, nokuti Akanga ari kuratidzwa kwevimbiso reShoko raMwari. Zvino zvakadarovo nhasi, kana rimwevo zuva. Hongu, changamire. Mwari uyu Mumwe, Anoda kuti tive vamwe.

⁷⁹ *Ava* vangava sei vamwe, mumwe *uyu* achiramba kuti akazvarwa nemhandara, uye *izvi* hazviiti, vachiramba kupodzwa Kutsvene, *neizvi*, *izvo*, vose vari mukukanganisika saizvozvo? Vamwe vavo havatendi muna Mwari, vanotenda kuti Akanga ari Mwanakomana waMwari; vanotenda kuti

akanga Ari mwanakomana waJosefa, *ainzi* Mwanakomana waMwari. Chokwadi. Vamwe hama dzepadyo kumaLuthereni, maZwingli, vanotenda izvozvo kuti, Aingova munhu akanaka. VeChristian Science vanoti Aiva muprofiti, munhuvo zvake, Akanga asiri Mwari. Zvino, kana Akanga asiri Mwari, Ndiye munyengeri mukuru ati ambova munyika. Akanga ari Mwari kana kuti Akanga asiri chinhu. Akanga ari Mwari! Akanga Mwari, paChake, akaitwa nyama pakati pedu, mumunhu ainzi Mwanakomana waMwari. Chokwadi, ndizvo zvaAkanga ari.

⁸⁰ Zvino tinoona kuti nyonganiso yakapinda. Tinoziva kuti iri pano, hapana angazviramba. O-o, ini zvangu! Ingocherechedzai. Achaparadza boka rinofunga kuti riri kushumira Mwari. Imi zvitarisei.

⁸¹ Mwari akadyara Mbeu Yake. Ndava kupfiga, nokuti yava nguva yokuti nditange kunamatira vanorwara. Mwari akadyara Mbeu Yake, uye Mbeu Yake ndiKristu. Ndichaparidza pamusoro peizvi humwe husiku, apo Mwari paakasarudza kuisa Zita Rake, Ishe achitendera, zvichida pamusanganano wokudya kwamangwanani pandinenge ndine nguva yakawanda. Tarisa, Ndiye oga Nzira yokupukunyuka. Ndiye oga ane Simba rechokwadi. Ndiye oga Mwari wechokwadi, hapana mumwe kunze Kwake. “Ndini Mwari uye Mwari oga,” Akadaro. Jesu akati, “Uyu ndiwo murairo: Inzwa, O Israeri, Ndini Ishe Mwari wako, Mwari mumwe. Ndini Iye. Sei muchitsvaka mumwe? Mumwe achauya...Ndakauya muZita raBaba Vangu, uye hamuna kuNdigamuchira. Asi mumwe achauya muzita rake, uye uyo muchamugamuchira.” Zvino vakatozviita paNicaea.

“Uri muKristu here?”

“Ndiri muBhaptisti.”

“Uri muKristu here?”

“Ndiri muPentekosti.”

“Uri muKristu here?”

“Ndiri muMethodisti,” rimwe zita.

⁸² Asi kana vasvika paZita iri ra”Jesu Kristu,” vanofamba vachienda kure Naro nokukwanisa kose kwavainako, havadi kuwana chokuita Naro, nokuti Iye iShoko uye Shoko rinozivizivisa paCharo. Cherechedzai, ndiyo Nzira yoga yokupukunyuka! Iye iRuva reSharoni, Bhaibheri rakati ndizvo zvaAri. Dunhurirwa rose (muBhaibheri) raMwari rinomirira Jesu Kristu. Aiva Arfa, naOmega, Mavambo naMagumo; Uyo Aivapo, Aripo, uye AchaUya; Mudzi neDavi raDhavhidhi, zvose Mudzi neDavi raDhavhidhi; Nyamasase, Ruva raSharoni, Ruva roMupata, Arfa, naOmega, Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, zvose zvakanga zvirira muna Jesu Kristu! Akanga ari kuratidzwa kuzere kwaJehovha Mwari ari munyama pakati pedu. Ndizvo chaizvo zvaAiva!

⁸³ Aiva Ruva reSharoni. Vaiitei neRuva raSharoni? VaiRisvina, voRitswanyana, kuti vakwanise kuwana zvinonhuwira kubva maRiri. Ruva rakanaka raifanira kusvinwa kuti vakwanise kuwana zvinonhuwira kubva paruva iri. Zvino hwakanga huri Hupenyu hwakanaka, hapana hupenyu hwakamboraramwa soUhu, asi Hwakasvinwa paKarivhari.

⁸⁴ Maona, vaitora chi—chizora cheRuva reSharoni vochiisa pana Aaroni, aifanira kunge ane chizoro ichi kuti apinde munzvimbo tsvene, muchidzitiro chitsvene. Aifanira kunge akazodzwa neRuva reSharoni, kuti akwanise kupinda mukati kundosasa chigaro chenyasha gore negore. Zvino chizoro ichi chaifanira kunge chiri paari, kunhuwira kwakanaka kuna Ishe, akatakura ropa regwayana, mushure mokunge iye asaswavo neropa regwayana. Matamba namabhera akasonerwa panguvo dzake, aifanira kufamba namamwe mafambiro, zvichirira kuti “mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Ishe.”

⁸⁵ Cherechedzai, kuti Ndiye Ruva reSharoni, kunhuwira Kwakanaka, Chizoro pavanhu Vake. Haukwani kuuya pamberi Pake nedzidziso dzavanhu, kana chimwe chinhu, asi unofanira kunge wakazodzwa neRuva reSharoni, Shoko. Iyevo iRuva roMupata.

⁸⁶ Zvino, unowana sei opium? Unowana opium kana ukatora ruva woritswanyana, unobva wawana opium. Vana chiremba vanoishandisa kugadzira mushonga. Tora munhu anovhunduka vhunduka nokusvotekana, kana mudzimai, anonzwa kunge ava kuda kupenga, anenge achifamba achichema, anenge akanganisika, chiremba anotora opium shoma yeruva iri oipinza nejekiseni paruoko rwake kana patsinga inenge iri pane imwe nzvimbo, kana pane imwe nzvimbo, zvino anobva anyarara. Zvinopera kwekanguva. Asi panongopera simba reopium iyi, pakarepo anobva atanga zvakare, zvakanyanyisa kudarika zvaanga ari.

⁸⁷ Asi ndinokuudzai, shamwari, kuti uyu unongova mufananidzo weOpium yechokwadi inowanikwa muRuva romuMupata randinoziva ini. Iye iRuva roMupata. Akasvinwa paKarivhari. Akakuvadza nokuda kwokudarika kwehu, namavanga Ake takapodzwa. Mune izvi, mukusvinwa kwamaruva, Aiva Ruva. Aiva Ruva guru rati rambomera, ndiro raiva Ruva roMupata, uye Ruva guru iri reSharoni. Zvino Akaremba husiku hwanhasi, pakati peDenga nenyika, ndinotenda, Akanga akadaro panguva iyi, tingadaro, ku— kubvisa chivi chenyika nokudzosa kupodzwa zvakare panyika. Zvino Bhaibheri rakati Hashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi.

⁸⁸ Shamwari, Mwari paakaudza Mosesi, murenje, a—aiva mufananidzo Wake, kuti asimudze nyoka yendarira. Zvino ndarira inomirira chivi chatongwa, nyoka inomirira, nyoka

yendarira inomirira “chivi chatongwa kare.” Sezviri, *ndarira* “kutongwa kwaMwari,” seartari yendarira paiiswa zvipiriso. Zvino Eria akatarisavo mudenga akati denga rakanga rakaita sendarira, kutongwa kutsvene parudzi rwakanga rwusingatendi rwadzokera shure pakutevera Mwari. Ndarira inomirira kutongwa, kutongwa Kutsvene. Uye nyoka inomirira chivi chatongwa kare; zvino Jesu akanga ari nyoka iya yakaitwa chivi kwatiri, akatora kutongwa kwaMwari paAri. Akarohwa nokuda kokudarika kwedu, akakuvadzirwa kusarurama kwedu, kurohwa kwakatavigira rugare kwakanga kuri pamusoro Pake, takaponeswa namavanga Ake.

⁸⁹ O-o, Mwari ane kabhodhi rake rizere ne*Opium*, husiku huno, kuti akupe. Shamwari yangu yechiKristu, kana uchirwara nokutambudzika. O-o, wakaneta, zvinhu zvanyanya kwazvo. Hauchakwanisi kuzvitakura, u—nokwanisa kupenga muzuva rino rechimanje manje ratiri kurarama.

⁹⁰ Manzwa here muLifeline husiku huno, zvavataura, ku— kuti Russia iri kutaura kuti, muna 1955, kuti “vachatonga pasi pose”? Izvi zvisati zvaitika, Kubvutwa kunofanira kutanga kwaitika. Muri kuona here kuti tiri padyo zvakadii, shamwari? Zviri pano padyo kwazvo.

⁹¹ HaungaMutsvaki here husiku huno nomwoyo wako wose. Ndiye Ruva roMupata, uye Hashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Ari pano husiku huno kuti azvisimudzze pakati pavanhu Vake, sezvakaite Mosesi achisimudzza chi—chiratidzo chechivi, chatongwa. Zvino kwete chivi bedzi, asi hurwere. Rangarirai, Jesu akati, “SaMosesi akasimudzza nyoka yendarira, nokudarovo Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzwa.” Mosesi akaisimudzirei? Nokuda kwechivi, kusatenda, nohurwere. Jesu akasimudzwa, zvakare, nokuda kwechivi, hurwere, nokusatenda. Aiva chinhu chimwe.

⁹² Zvino, husiku huno, mazuva ano patiine nyonganiso huru iyi, Jesu Kristu akavimbisa muna Ruka, kuti mumazuva aya, Ishe asati auya, zvichange zvakaita sezvavakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, apo Mwanakomana womunhu achange achizvizarura paChake, soMwanakomana womunhu akazvizarura paChake kuna Abrahamu ikoko; Erohimu, Mwari, akaitwa nyama pakati pavanhu, akagara naAbrahamu uye akamuratidza, akamuudza zvakanga zvichifungwa naSarah (akagara seri kwake) mutende, zvaAkanga asina kuona. Akamuudza zvaizoita. . . Uye akamudana nezita rake, “Sarah.” “Abraham,” kwete—kwete zita rake Abram, raakatanga naro, asi Abraham. Kwete Sarai, S-a-r-a-i; asi S-a-r-a-h, “Mudzimai wako aripi, Sarah?”

Akati, “Ari mutende seri Kwenyu.”

⁹³ Akati, “Ndichauyazve kwauri nenguva yohupenyu.” Zvino iye akaseka. Akati, “Sei waseka?”

⁹⁴ Zvino, Jesu akati, “Nyonganiso iyi isati yaunganidzwa nokupiswa, akati Mwanakomana womunhu achazviratidza paChake nenzira imwe chete yaAkaita kumashure.” Zvino izvi... Chii ichocho? Kusimudza, patsva, pamberi penyu, kuti Jesu Kristu hashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here? Ngatikotamisei misoro yedu timate.

⁹⁵ Mwari anodikanwa, tinoKudai. Shoko Renyu chi—chikafu kwatiri, Ishe. TinoRida! Tinorarama Naro, Ishe. Zvinoita kunge nzara yedu haiperi. Tinofarira kugara patafura Yenyu, pane Shoko Renyu, nokufarira maropafadzo, Ishe, patinoungana pamwe chete seizvi, hama nehanzvadzi dzakatengwa neRopa noMwanakomana waMwari, vakatengwa neRopa Renyu. Zvino tinouya pano husiku huno, Ishe, nokupira nguva ino kunamatira vanorwara. Zvino maererano namaMagwaro, Makataura kuti “namavanga Ake takapodzwa.” Hazvina kodzero kuti timanate zvino (chatinongoita kureurura zvivi zvedu), nokuti namavanga Enyu taka(zvakatoitwa kare) takapodzwa. O-o, izuva rakadini roruponeso! I—ivimbiso yakadii yaEmanueri! Ndizvo chaizvo iChokwadi.

⁹⁶ Makati, “Kanguva kaduku, nyika haizoNdioni zvakare, asi imi muchaNdiona, nokuti Ini” (Iye pachake achiti “Ini”) “Ini ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Zvino pakuguma kwenguva, kupera uku kwezvinhu zvose, Makati, zvisati zvaitika, zvinenge zvakafanana sezvazvakanga zvakaita moto usati wapisa Sodhoma nokupisa nyika yavaHedheni, makati kuchava nokuzarurwa zvakare kwoMwanakomana womunhu sezvazvakanga zvakaita kuSodhoma. Baba, dai vanhu vakakwanisa kuzviona.

⁹⁷ Zvino ndinonamata, Mwari, sokutaura kwandingati, (kana ndataura zvisiri izvo, ndiregererei), kupinda mugiya. Ndinovada, Ishe. Ini—ndinonamata kuti dai vakasakundika kuzviona. Dai huno hukava humwe husiku hwakanaka, Ishe. Dai vanorwara vose, vanotambunzwa, mapofu, chero chingava chii chiri pano, Ishe, ngaapodzwe husiku huno. Dai mutadzi wose akaponeswa. Iko zvino mumwoyo yavo, kana ari munhu asingatendi, dai agamuchira Kristu panguva ino. Zviitei, Baba. Zvose zvirira mumaoko Enyu. Tinozvipira kwaMuri, kuti tikuonei Muchiuya pakati pedu.

⁹⁸ Zvino Makati, muna Johane 14:12, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitavo.” Uye tinoziva kuti Imi Makazvizivisa kuvanhu, nokuti Makanga muri muprofiti akataurwa naMosesi kuti achauya. Vakanga vagara vasina vaprofiti kwamazana amakore, nyonganiso yakanga iri kumativi ose, asi zvakadaro Shoko raMwari raifanira kuti rizadziswe; nokudaro Shoko rakazova nyama, zvakarevo nyonganiso ikaita zvimwe chete. Zvino, Baba, tinozviona zvakare nhasi, nyonganiso yava kuva mwanda mumwe chete mukuru; uye tinoona Shoko richitavo zvimwe chete.

Tiropafadzei husiku huno, Baba. Tinozvipira kwaMuri, pamwe chete neShoko Renyu. Chose chaMungada kuti tiite, itai nesu, Ishe. MuZita raJesu. Amen.

⁹⁹ [Hanzvadzi inotaura neimwe ndimi. Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] Ivai nokuremekedza. Hatizivi zvaAtaura. Angadaro Achida kutiudza chimwe chinhu, nokudaro ivai nokuremekedza kwakanguva. [Hapana chinhu patepi. Hama inopa dudziro—Mupepeti.]

¹⁰⁰ Amen. Makamboverenga here [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] RuGwaro paiuya muvengi, uye vose vakanga vakaungana pamwe chete, uye ivo...muvengi akanga ane simba guru. Zvino Mweya waMwari wakauya pano mumwe munhu, ukamuudza, akaprofita, akavaudza pokundovanda, uye vakaparadza muvengi wavo. Zvino zvauya zvakare. Zvino ndipo panzvimbo yokuparadza muvengi wako, maona, tora ruoko rwaMwari. Ruoko rwaMwari ndiKristu, ndizvo, Shoko, nokudaro tora izvi mumwoyo wako husiku huno patava kudana vanhu mumutsara wokunamatirwa.

¹⁰¹ Tinotenda kuti Billy apa vanhu makadhi okunamatirwa nhasi. B, maB, ngatitorei nhamba B, makumi masere neshanu. Husiku hwapfuura, taiva negumi navashanu. Tinoedza nguva dzose kutora gumi navashanu husiku hwoga hwoga. Zvino batai makadhi enyu, tichaadaidza, iko zvino. Ngatimboedzai gumi navashanu. Nhamba makumi masere neshanu. B, sezvakaite ari pana Branham, munoziva. Nhamba B, makumi masere neshanu kusvika kuzana. Zvino isu...Ngationei, ndiani ane nhamba B, makumi masere neshanu, simudza ruoko rwako. Ndizvo here...O-o, kumashure, zvakanaka, nhamba makumi masere neshanu uya.

¹⁰² Zvino, mwanakomana wangu...Zvichida pana vanhu vatsva pano, vasingazivi kuti zvinoitwa sei. Mwanakomana wangu anouya kuno, kana mumwe munhu; kana iye asingakwanisi kuuya, Hama Borders, kana mumwe munhu. Mumwe wavo anouya, otera makadhi aya, anokwanisa kusvika zana, ari pamberi pavanhu anoasanganisa pamwe chete. Zvino wokupa kadhi, haakwanisi kuudza kuti uchadanwa pano papuratifomu here, haazivi. Zvino nyangwe inivo handizivi. Ndinongouya husiku, ndodaidza makadhi gumi kana gumi namashanu, mukati imomo, mamakadhi. Hazvina kana chokuita nokupodzwa kwako. Unokwanisa kugara ipapo. Tarisai, husiku hwapfuura. Vangani vakanga vari pano husiku hwapfuura, ngationei maoko enyu? Vanhu vakapodzwa kose-kose mumusangano!

¹⁰³ Zvino, iya yanga iri nhamba makumi masere neshanu, makumi masere nenhanhatu, makumi masere nenomwe, makumi masere nesere, makumi masere nepfumbamwe, makumi mapfumbamwe. Ngavauye iko zvino. Nhamba B,

makumi masere neshanu, makumi masere nenhanhatu, makumi masere nenomwe, makumi masere nesere, makumi masere nepfumbamwe, makumi mapfumbamwe. Pane mumwe... Chokwadi, tinoda mumwe munhu... Pano pane mumwe, hongu, ndizvo zvanaka. Nhamba makumi mapfumbamwe, nhamba makumi mapfumbamwe kusvika kuzana. Nhamba makumi mapfumbamwe, makumi mapfumbamwe neimwe, makumi mapfumbamwe nembiri, makumi mapfumbamwe nenhatu, makumi mapfumbamwe neina, makumi mapfumbamwe neshanu, makumi mapfumbamwe nenhanhatu, makumi mapfumbamwe nenomwe, nesere, nepfumbamwe.

¹⁰⁴ Kana usingakwanisi kufamba, kana uri... Ndiri kuona tine vamwe pano, mawiricheya matatu ari pano, anenge mana, ndinotenda, ndiwo andiri kuona. Kana une kadhi rokunamatirwa, kana—kana kadhi rako radanwa, iwe usingakwanisi kufamba, ingosimudza ruoko rwako, isu tinozokutora kukuisa pano.

¹⁰⁵ Zvino kana usina kadhi rokunamatirwa, ingogara ipapo wonamata, uchiti, “Ishe Jesu, ngaave—ngaave—ngaave ini husiku huno.” Vangani muno vasina makadhi okunamatirwa, simudzai maoko enyu. O-o, imiwe! Zvakanaka, zvino regai nditaure izvi, uye ndinotenda kuti hazviiti sokusaremekedza. Asi pane mumwe mudzimai muduku imwe nguva akanga asina kadhi rokunamatirwa, tingataura tichidaro. Akaenda achimanikidzira nomumhomho, akati (zvino nyatsotererai), “Kana ndikangokwanisa kubata nguvo yoMurume uyu, ndichapodzwa.” Vangani vanoziva nyaya iyi? Zvakanaka. Zvino akaiti? AkandoMubata, akandogara pasi. Zvino Jesu akatendeuka, Akaziva kwaakanga ari. Ndizvo here? Akaziva kuti dambudziko rake rakanga riri rei ndizvo here? Akaziva kuti dambudziko rake rakanga riri rei, nokudaro Akamuudza kuti dambudziko rake rakanga riri rei. Zvino akanzwa mumuviri wake kuti ropa rakanga ramira kubuda. Ndizvo here? Sei zvakadaro? Akanga aMubata.

¹⁰⁶ Zvino, maKristu mangani ari pano husiku huno vanoziva, maererano navaHebheru, muBhuku ravaHebheru, kuti Jesu ikozvino Muprista Mukuru, Muprista Mukuru anotinzwira tsitsi pahutera hwedu? Ndizvo zvaAri here? Zvakanaka, kana ari Muprista Mukuru, hofisi imwe chete, yokuva Muprista Mukuru, Angazozvibata nenzira yakadii? Anongoita sezvaAkaita ipapo. Munozvitenda here? Anongoita sezvaAkaita ipapo, kana mukatenda izvo. Zvakanaka. Vangani vanozvitenda, simudzai maoko enyu, motaura kuti, “Ini ndinozvitenda”?

¹⁰⁷ Zvakanaka, vasati vaita mutsetse wokunamatirwa, itai mutsetse wokunamatirwa ikoko. Ndinoziva kuti Ari pano. ndi—ndi—ndinonzwa Hupo Hwake, uye ndi—ndinoziva kuti Ari pano. Uyai. Mutsetse wokunamatirwa wavapo here? Ndana ndava

kuda kuvadaidza kwavari ikoko. Imi—imi namatai, tarisai kuno munamate, Mutendei.

¹⁰⁸ Mudzimai muduku akagara pano akanditarisa, akagara padyo nomudzimai akapfeka magirazi. Hamusi kuona here Ichu chakamira pamusoro pomudzimai? Tarisai pano. Maona? Vari kutambudzika nokurwadza komwoyo. Munotenda here kuti Mwari anokwanisa kukupodzai. Kana muchitenda, simudzai ruoko rwenyu. Ndiro dambudziko renyu. Ndizvo. Zvino kana ranga riri iro dambudziko renyu, simudzai ruoko rwenyu kuti vanhu vazvione, simudzai ruoko rwenyu seizvi. Zvino, hamuchisina dambudziko iri iko zvino. Kutenda kwenyu kwakupodzai.

¹⁰⁹ Haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. O-o, pane nyonganiso; asi Jesu Kristu haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Izvi. . . Zvino ngatirambe tichinamata, maona, haufaniri kunge muri pano, izvi ndinoda kuti muzvize.

¹¹⁰ Zvino, uyu mudzimai. Sokuziva kwangu, handisati ndambomuona, anongova mudzimai akamira pano, uye ane kadhi rokunamatirwa, uye anga asingazivi kuti achadanwa here kana kwete. Mumwe akupai kadhi rokunamatirwa, uye nhamba ye—enyu yadanwa, nokudaro mauya pano. Ndizvo here? Uye handina nzira yandingaziva nayo zvamuri, kuti ndimi ani, munobvepi, kuti munodei, hapana chandinoziva pamusoro penyu. Ndinongova munhu, imi muri mudzimai. Ndizvo. Mufananidzo uyu mumwe chete wakaitika muBhaibheri, muna Johane, chitsauko 4.

¹¹¹ Zvino munoti, “Maitei, Hama Branham, ipapo, nguva shoma yapfuura.” Ndapinda mune rimwe giya, maona. Handizivi, maona. Anofanira kunge ari iye anozviita. Handizivi. Mudzimai uyu azviita sei? Handina kumboona mudzimai muhupenyu hwangu. Handisati ndambomuona. Ndinotenda kuti anga ari mudzimai. Ndiani achangopodzwa mukati umo? Simuka. . . Hongu, hatisati tamboonana here? Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwako seizvi. Maona? Handisati ndamboona mudzimai uyu. Asi anga akagara ipapo, achitenda. Zvino, abata Chimwe chinhu, handizvo here? Hazvibatsiri kubata ini.

¹¹² Asi hamukwanisi here kuona kuti Bhaibheri ndiro chairo Shoko raMwari? Hashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Isu tinova matabhernakeri oMweya Mutsvene anova Kristu. Maona? Ndiyo Mbeu chaiyo. Zvino kana Mweya Mutsvene chaiwo ukapinda muMbeu chaiyo yeShoko, kwete. . . Hautori chikamu Charo (nokuti, Dhiyabhorosi anoshandisa Izvozvo), unofanira kuRitora rose, maona, Shoko rose riRimo; nokuti, haAsi Mwari ari muchidimbu, ndiMwari azere. Moana? Zvino ndizvo zvinoitika.

¹¹³ Zvino, pano pane mudzimai, handisati ndambomuona. Jesu akaona mudzimai akadai imwe nguva, zvichida asiri

muchinhanho chimwe chete seichi, handizivi. Zvino Akanga akagara patsime. Iye—Iye aifanira kupfuura nokuSamaria. Zvino takaona kuti, Samaria yakanga iri mujinga megomo. Zvino—zvino, ndinohurombo Akanga achienda kuJeriko, zvino Akapfuura nokuSamaria, akasvika paguta reSikari, zvino Akagara patsime, akatuma vadzidzi Vake kundotenga zvokudya.

114 Pane ndudzi ngani dzavanhu dziri munyika? Kune ndudzi nhatu. Kuna vanhu vaHami, Shemi, navaJafeti. Tose takabva kuna Noa. Zvino nyika yose yakaparadzwa panguva iyi. Kune ndudzi nhatu dzavanhu, vanoti vaJudha, vaHedheni, navaSamaria (vari masanganiswa omuJudha nomuHedheni). Zvino ndiwo marudzi ose ari panyika, maona, matatu chete.

115 Zvinhu zviri muna Mwari zvinokwaniswa muhutu. Sezvitatu izvi zvandanga ndichitaura pamusoro pazvo husiku huno: zvinhanho zvitatu zvenyonganiso, zvinhanho zvitatu zveShoko richitwa nyama, nezvimwe. Maona?

116 Zvino, Iye—Iye akataura kuvaJudha, akaudza Firipo, paakaunza Nhatanaeri, kuti akanga aripi, uye akati, “Ndamuona paanga ari pasi pomuti.” Akaudza... Andreasi paakauya naPetro, Akati, “Zita rako ndiSimoni, uye uchadanwa kunzi ‘Petro’ kubva ikozvino.” Akati, “Uri mwanakomana waJonasi.” Maona? Zvino, ava vakanga vari maJudha.

117 Asi pano Anoenda kumuHedheni...kwete kumuHedheni, asi kumuSamaria.

118 Zvino inguva yavaHedheni. Haana kumboita chiratidzo ichi kuvaHedheni. Nzverai Magwaro. Haana kumbozviita. Asi Akavimbisa, muna Ruka 22, kuti aizozviita asati Auya zvakare.

119 Asi akagara ipapo, zvino ipapo pakauya masanganiswa omuJudha nomuHedheni, mudzimai. Zvino Akati kwaari, “Mudzimai, Ndiipovo mvura ndinwe.”

120 Zvino akati, “Sei, haufaniri kundivhunza, zvakadaro. Tiri...Pano kusadyidzana pano. Uri muJudha, uye ini ndiri muSamaria.”

121 Akati, “Asi dai wanga uchiziva Ari kutaura newe, waiNdikumbira mvura.” Akanga Achiitei? Akanga achiedza kubata mweya wake. Zvino pakarepo paAkaona kuti dambudziko rake rakanga riri rei, zvino, akamuudza kuti aende kundutora murume wake. Akamuudza kuti akanga asina. Akati, “Wataura zvakanaka, wanga une vashanu.”

122 Zvino, tarisai, vaFarise pavakamuona Achiita izvi. Ipapo, nyonganiso iyi yaiva pamwe neShoko, vakataura kuti chii? Vakati, “Murume uyu ndiBherzebhuri, mufemberi.” Maona?

123 Zvino Jesu akati, “Ani nani anomhura Mweya Mutsvene kana Wauya kuzoita zvimwe chete, haazomboregererwi.” Ndiyo nyonganiso iyi. Maona? Asi Akati aizovaregerera ipapo, nokuti

Mweya Mutsvene wakanga usati wauya; Chipiriso, Gwayana rakanga risati rafa.

¹²⁴ Asi mudzimai uyu haana kufunga izvozvo. Mudzimai uyu akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri muprofita.” Vakanga vasina kumbova nomuprofita kwamazana amakore. Akati, “Ndinoona kuti Muri muprofita. Zvino, tinoziva kuti Mhesiyasi, anonzi Kristu, kana Auya ndizvo zvaAchazoita.”

¹²⁵ Zvino, kana zviriro izvo zvaAkaita, panguva iyi haashanduki zuro, nanhasi. Ndiwo mazivisiro Akazviita nguva iyoyo, handizvo here zvaanofanira kuita nhasi? Zvinofanira kudaro! Zvino, pano pane mudzimai nomurume vari kusangana zvakare. Haasi mudzimai uya, ini handisi Murume uya. Asi Mweya Mutsvene mumwe chete uri pano, uye akaita vimbiso yokuti mabasa aAkaita, ndiwo atichaitavo mumazuva achange achiratidzwa Mwanakomana womunhu.

¹²⁶ Zvino, ndisingakuzivei (uye munoziva kuti ichi ichokwadi), hatisati tamboonana, uye makamira pano. Pana vamwe... Zvichida pane chimwe chinhu chakanganisika nemi, zvichida hapana, handizivi. Asi kana Ishe Jesu akazvizarura kwandiri, noMweya Wake Mutsvene, kuti dambudziko renyu nderei, munozotenda here kuti Mwanakomana waMwari, uye haasi munhu? Uyu unongova mutumbi, tabhernakeri *ino* uno—unoshandiswa naMwari, kana waanenge Asarudza. Iye—Iye anozviita nenyasha dzake nokutonga kwenyasha dzake nokusanangura. Nokudaro, asi iwe tenda. Uchatenda here? [Mudzimai anoti, “Ameni”—Mupepeti.]

¹²⁷ Vangani vari muungano vanozozvitenda? Pano isu vaviri timire pamberi peChiedza, uye hatisati tambosangana muhupenyu huno, handina kana ruzivo rwokuti mudzimai uyu ndiani, kana kuti ndiani, kuti anobvepi, kana kuti anodei. Handisati ndambomuona, zvimwe chete nomudzimai uya ari *apo* handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Asi, maona, hevino zvandiri kuda kuedza kuita: Bvisai nyonganiso iyi pakati penyu, uye tendai Shoko kana Shoko richinge raitwa nyama pano pakati pedu. Shoko rinozova benyu muhupenyu hwedu, izvo zvinoratidza Hupo hwaMwari.

¹²⁸ Zvino dai akazviita kwatiri. Ari kuda chinhu chakanaka. Haana mwana, ari kuda mwana. Ana makore angasvika makumi mana. Asi zvinokwanisa kuitika.

¹²⁹ Varimo muno ikozvino, madzimai vakanga vasingabereki hupenyu hwavo hwose, zvino vakauya papuratifomu saizvozvi, uye Ishe akavapa vana. Vamwe vanoziva izvi simudzai maoko enyu. Maona? Maona? Ndakasimudza mwana musikana muduku rimwe zuva, musi weSvondo, mushure mokunge ndabva pano, Svondo masakati; mai vake vakanga vasingabereki, Ishe akataura. Uye musikana muduku, musikana muduku akanaka, ari pano here? Ari kupi? Hongu, hoyu ari pano, akagara...

Ndinofunga, kuti mai vake vagere pano. Houno musikana muduku uyu pano, pachake. Mamuona here? Aiva Shoko raMwari rakataurwa.

¹³⁰ Zvino, mungaMutenda here nomwoyo wenyu wose? Munotenda here kuti maropafadzo amuinawo, aya amuri kunzwa ikozvino, anga ari Mwari anga achipindura? Kana Mwari akandiudza kuti zita renyu ndiani, kuti mungozotumidza mwana wenyu, mungazvitenda here? Zvino, Mai Thompson, chiendai zvenyu munondova nomwana wenyu, kana muchizvitenda nomwoyo wenyu wose.

¹³¹ Munozvitenda here nomwoyo wenyu here? Ivai nokutenda, musakahadzike, ingotendai Mwari. Mwari ndiMwari.

¹³² Makadii, changamire? Ndinotenda kuti hatisati tamboonana, zvakare. Nguva chete yandakauonai, sokuziva kwangu, ndepaya pamakanga muchiuya. Uye ndakafunga kuti makanga muri sekuru waHama Shakarian, kana kuti... Mashagian, Hama Mashagian, vanoimba, pamakauya napano. Zvino ndakazoono kuti makanga muchiuya mumutsara wokunamatirwa. Zvino, ini ndisingakuzivei, kana kuti, imi musingandizivi, tisingazivani, tose tisingazivani. Zvino, kana Ishe Jesu akandiudza chimwe chinhu cha—chamuri, zvichida chamuri kuda, ngatitaurei tichidaro; kukuudzai, kundiudza chamuri kuda. Zvino, Akatokupai kare. Chinhu choga chamunoda kutenda kwakakwana.

¹³³ Zvino, vangani vanonzwisisa izvi? Kutenda kwakakwana kuti unowana zvaunenge wakumbira! Maona?

¹³⁴ Zvino, zvino, kana uri pano uchida chimwe chinhu, uye akandiudza kuti uri kushuvei, uye unoziva kuti handizivi chauri kushuva, zvino pane Chimwe chinhu chinenge chichizviita. Zvino, maererano neShoko, Akavimbisa kuita izvi. Aiziva mifungo yakanga iri mumwoyo. Ndizvo here? Zvakanaka.

¹³⁵ Mune chishuvo chikuru chokuti mupodzwe. Chimwe chinhu, mune dambudziko rokusagadzikana, kuvhunduka-vhunduka kwakanyanya. Ndizvo. Chimwezve chinhu, muri kurwadziwa nomusana, uye musana wanga uchikurwadzai kwenguva yakareba, makatombouvhiyiwa. Iyi iZVANJI NAJEHOVHA. Ichokwadi. Maona. Ndizvozvo. Zvino hechino chimwe chinhu, chishuvo chenye chikuru, ndechokuti, munoda kugamuchira rubhabhatidzo rwoMweya. Ndizvo chaizvo. Uyai pano.

¹³⁶ Mwari, muZita raJesu Kristu, dai murume uyu azadzwa noMweya Mutsvene asati abva pano, zvido zvake azvipiwa, muZita raJesu. Amenii.

Zvino Zvigamuchire, hama yangu. Iva nokutenda, usakahadzike.

¹³⁷ Makadii? Ndinofunga, samaziviro andinoita, kuti hatisati tamboonana. Kana zviri izvo, sei, kuti vanhu vazive, simudzai

ruoko rwenyu kuti vanhu vaone kuti hatizivani. Handisati ndambokuonai, ndichiziva. Uye ndinofunga kuti havasati vambondiona, kusiya kokunge vakanga vari muungano. Nokuti Baba vari kumusoro kuDenga vanoziva, uye Shoko Ravo riri pano, handisati ndamboona mudzimai uyu, ndichiziva, muhupenyu hwangu. Nokudaro, handingazivi kuti uri kutsvakei pano, handizivi kuti ndiwe ani, kana, kuziva chimwe chinhu pamusoro penyu. Handikwanisi kukuudzai kana chinhu chimwe chete.

¹³⁸ Chinhu choga chiripo, chinongova chipo. Kana ndikakwanisa... Sezvamanzwa ndichitsanangura nguva shoma yapfuura. Kusimudzwa, ndonzwa kuti Anotii; zvandinenge ndaona, ndizvo zvandinotaura. ZvaAnenge asina kutaura, handikwanisi kuzvitura. Kana ndikataura zvinhu izvi ndoga, zvinenge zvisiri izvo. Maona? Zvinenge zvisiri izvo. Asi kana Akazvitura, chinenge chiri chokwadi. Hazvikwanisiki, hazvina, hazvina kumbova nhema. Hazvikwanisi kuva nhema kana ari Mwari. Maona? Maona, nokuti Mwari haakwanisi kukanganisa.

¹³⁹ Asi kana Mwari akandiudza zvamuri kuda, kuti muri kushuvira chii, kana—kana zvamuri kutsvaka pano, chimwe chinhu chamakaita, kana chimwe chinhu, chakada kudaro, kana kuti muri ani, kuti mabvepi, kana chingava chii chaAnenge achida kundiudza, munozozvitenda here? Mazviita.

¹⁴⁰ Chimwe chinhu, mune dambudziko netsoka dzenyu. Tsoka dzenyu dzinokunetsai. [Mudzimai anoti, “Hongu”—Mupepeti.] Ndizvozvo. Simudzai... Mune dambudziko ramadzimai, kukanganisika kunoitika kumadzimai. [“Hongu”] Zvino mune chishuvo chikuru mumwoyo wenyu, nokuti makarasikirwa nomumwe munhu kana chimwe chinhu. Mwanakomana wenyu, mwanakomana wenyu akatiza pamba, akatiza pamba, uye munoda kuti ndimunamatire kuti adzoke pamba zvakare. [“Hongu”]

¹⁴¹ Mwari ari kuDenga, tumirai mwanakomana wavo kwavari. Regai Mweya Mutsvene umise mujaya uyu ari munzira husiku huno, Ishe, mudzosei zvakare kuna mai vake. MuZita raJesu. Amen.

¹⁴² Uyo Anoziva achamudzosa kwamuri. Musanetseka. Tendai ikozvino, musakahadzika. Ivai nokutenda, nomwoyo wenyu wose. Imi tendai, uye Mwari achazoita zvimwe zvose.

¹⁴³ Zvino, kunzvera kwandaita kutatu kana kuna, kana kungava kuri kungani, maona, ini—ndava kutonzwa kunge ndava kutadza kuona. Handikwanisi kutsanangura izvi, hapana nzira yokuti ndizvitsanangure nayo. Munoti, “Munoreva, kuti izvi zvanga zvanyanya kudarika kuparidza kwamaita kwamaminetsi makumi mana namashanu kana kudarika, munofunga kudaro here?” Hongu, changamire. Dai anga ari maawa matatu, angadai asina kundidarwo.

144 Mudzimai akabata nguvo yaShe Jesu. Zvino vanhu ava havasi kubata ini. Sei, mudzimai uyu ari pano, tarisai pano, anokwanisa... [Hama Branham vanoudza mudzimai kuti, “Isai maoko enyu pandiri, maona.”—Mupepeti.] Vandibata, asi kundibata kwavo hakuna zvakwandiita, ndinongova munhu. Asi vanofanira kubata Iye. Zvino ini, nechipo, ndinobva—ndinobva... ndinobva ndaenda, ini pachangu ndinobva, ndotaura zvandinenge ndichiona. Maona? Zvino ndizvo zvazviri. Kubata kwavanondiita hakurevi chinhu, asi vanobata Jesu kubudikidza neni. Ndizvo zvakaita mudzimai uya akabata Mwari kubudikidza naJesu, paAkanga asingazivi kuti chii chakanga chakanganisika naye. Akabata nguvo Yake, akaenda andogara pasi. Zvino Akati—zvino Akati, “Ndiani aNdibata?”

145 Zvino vaapostora vakati, “Aiwa, munhu wose ari kuKubatai. Sei Muchitaura kudaro?”

Akati, “Asi ndinonzwa kuti simba rabuda maNdiri.”

146 Zvino, munoziva here kuti simba? Simba. Akanzwa kupera simba paAkabatwa nomudzimai mumwe chete, uye Akanga ari Mwanakomana waMwari. Ko ini, mutadzi akaponeswa nenyasha Dzake. Munoziva kuti sei zvakawanda? Nokuti Akati, “Zvinhu izvi zvandinoita, muchazviitavo. Muchaita zvakawanda kudarika izvi, nokuti ndinoenda kuna Baba Vangu. Mabasa makuru,” Zvinotaurwa Zvichinzarwo, asi dudziro chaiyo yechiGiriki ndeyi, “Muchaita mabasa akawanda.”

147 Zvino, mudzimai uyu handimuzivi. Hapana chandinoziva pamusoro pake. Handivazivi sokusaziva kwandinoina vamwe. Hatisati tamboonana. Zvino kuti vanhu vazive kuti ndizvo, mungasimudza ruoko rwenyu, moti, “hatisati tamboonana.” Zvino, Mwanakomana waMwari, kana Akambosangana nomumwe mudzimai pane nzvimbo yakada kudai, patsime, uye Akataura naye kwekanguva, Akaziva kuti dambudziko rake raivei, uye Akamuudza dambudziko rake. Zvino akaziva naizvozvo, kuti akanga ari Mhesiyasi. Zvino izvi—izvi nda... Mandibata, ndakubatai, uye hapana chaitika. Asi nokutenda kwangu (nechipo) nokutenda kwenyu (muchipo ichi) mukaMubata, uye Akataura kubudikidza nesu... kubudikidza neni kwamuri, zvino munobva maziva kuti Ari pano sezvaAkanga ari pa—patsime rokuSikari. Maona? Haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here?

148 Muna matambudziko akawanda kwazvo, zvinotambudza zvakawanda, zvisinganzwisiki! Chimwe chezvinhu chamuri kunamatira chirwere chamajoinhi. Ndizvo. Ndizvozvo? Mune dambudziko ramajoinhi. Pamunenge muchisimudza ruoko rwenyu munoona... .

149 Zvino mune chinono muchifamba, kana ndichiri kurangarira zvakana. Ngatimirei kwemineti, zvichida pane chimwe chinhu chichataurwa chinozotora... Pano apa, mu—munonzwa zvinhu;

vanhu, maona, somweya uri kuuya kwauri. Munoti, “Sei, aita zvokufembera,” kana kuti, munozviziva, saizvozvo.

¹⁵⁰ Asi, munoratidzika kunge munhu akanaka, taurai neni kwekanguva. Ngatimirei pano zvishoma, nokuti ndinofunga kuti pane chimwe chinhu mumwoyo wenyu chamuri kuda kubva kuna Mwari. Zvino, handikwanisi kupindura munyengetero wenyu, asi Iye anokwanisa. . . Nokuti, kana muchizvitenda, zvakatopindurwa kare. Asi kana muchingoda kutenda; kuti zvikuitei kuti mutende. Zvino, ndinokwanisa kukuudzai, muri kunetsekana nomudikanwa wenyu asiri pano, uye uyo munin’ina wenyu, uye munin’ina wenyu uyu haasi munyika muno. Ari munyika yakanyorova, ina madhamu akawanda. Ndingati sezvakada kuita kuMichigan kana imwe. . . Hongu, kuMichigan ndiko kwazviri. Zvino ari kutambudzika nechirwere chakaipa kwazvo, uye itsvo dzisingakwanisi kurapwa dzaari kurwara nadzo. Ndizvo chaizvo, handizvo here? IZVANZI NAJEHOVHA. Zvino, hangecheffi yamunayo muruoko rwenyu, yamasimudza kuna Mwari, itumirei kune munin’ina wenyu momuudza kuti asakahadzike, asi kuti atende, uye naizvozvo, anozopodzwa zvino kana muchizvitenda.

¹⁵¹ Munotenda here nomwoyo wenyu wose? Maona, zvino, kana muchitenda, pane chinhu chimwe chete chokuita, ndiko, kunyatsogamuchira zvizere. Ndizvo here?

¹⁵² Zvino munoti, “Akatarisa kuna ava, kune vanhu ava. Ndizvo zvaari kuita, akatarisa kwavari.” Maona izvi kakawanda!

¹⁵³ Asi kuti munge musingazivi izvi. . . Mudzimai uyu ari pano, auya nenzira iyi, mudzimai uyu, ari pano, murwere, kana angava ani. Handisi kutarisa kwaari. Munotenda here kuti Mwari anokwanisa kundizarurira kuti dambudziko renyu nderei? Simudzai ruoko rwenyu, kana muchitenda, iwe mudzimai ari pano, iwe mudzimai ari pano, iwe uri kurwara. Hongu. Hongu. Zvakanaka, zvino kana uchitenda nomwoyo wako wose, chirwere cheasima hachizokunetsi zvakare. Zvakanaka, endai uye mutende kuti mapodzwa iko zvino.

¹⁵⁴ Tarisai, izvo zviri apo. Maona, Iye. . . Iwe tarisa *uku*, chiratidzo chiripo hazvina basa kuti chii chinoitika. Amen! Hamukwanisi kuzviona here? Zvakanyatsokwana saMwari akanyatsokwana!

¹⁵⁵ Munotenda here, zvakare? Asima inokwanisa kukusiyaiwo, zvakare, handizvo here? Munozvitenda here? Zvakanaka, endai munoudza Ishe Jesu kuti mu—munoMutenda.

¹⁵⁶ Rimwe zuva muchazofamba ne—nemudonzvo kana chirwere ichi chamajoinhi chakuremadzai, asi hachisi kuzodaro. Hamusi kuzvitenda, hamuzvitendi kuti zvichadaro here, kana kuti kwete? Munotenda kuti muchaita zvakanaka? Endai zvenyu, Jesu Kristu anokupodzai.

¹⁵⁷ Chirwere chomwoyo chinouraya vanhu, asi hachifaniri kukuurayai. Munotenda kuti Mwari achakupodzai here? Endai muchitenda nomwoyo wenyu wose, moti, “Ndapedza kunamata pamusoro pachu.”

¹⁵⁸ Munogona kutaura Chirungu here? Munonzwa Chirungu here? [Hama Branham vanoti, “Mumwe munhu ngaauye.” Mududziri anouya—Mupepeti.] Hongu, zvakanaka. Mungavaudza here zvandichavataurira? Vaudzei kuti kana vakatenda, kurwadziwa nomudumbu kuchapera. Ivo—ivo vanozvitenda here? Musana wenyu unorwadza uchapora, zvakare, nokudaro endai zvenyu uye mugozopodzwa.

Makadii? Munotenda here? [Vanoti, “Hongu, changamire”—Mupepeti.]

¹⁵⁹ Murume uyo akagara apo ane musana unorwadza, atarisa kwandiri pandataura izvi. Munokwanisa kupodzwavo, zvakare, kana muchizvitenda, changamire. Zvakanaka, changamire.

¹⁶⁰ Mudzimai uyo akagara padyo nemi, muri kurwadziwa nomutsipa, handizvo here, mudzimai? Munotenda here kuti Mwari anokwanisa kukupodzai? Munoda kuisa maoko pamukomana muduku nokuda kwamabvi ake anorwadza, kuti aporevo, zvakare. Munozvitenda here? Manga mune dambudziko ramadzimai, dambudziko ramadzimai, rapera iko zvino. Kutenda kwenyu kwakupodzai.

¹⁶¹ Munotenda here kuti Jesu Kristu, hashanduki zero, nanhasi, nokusingaperi? Zvino ngatiisei maoko mumwe pano mumwe tinamate munamato wokutenda uyu, mumwe nomumwe wedu, ngaanamate munamato wokutenda.

¹⁶² Mwari Anodikanwa, tichiri pano takaputirwa muHupo Hwenyu Hutsvene, tinokuonai Muchifamba pakati peungano, muchipodza varwere kose-kose. Muri Mwari. Ndinonamata kuti mupodze ungoro yose. Itai kuti Mweya waMwari uwuye mumwoyo yavo patsva, uye regai vazive kuti nguva yava kupera. Kwasara nguva duku yokuti tive pano, tozova naIye Watinoda. Zvino dai Hupo Hwake haunza kupodzwa kuno munhu wose.

¹⁶³ Tinotuka Satani, tinotuka mabasa ake ose. MuZita raJesu Kristu, Satani, buda muvanhu.

¹⁶⁴ Vose vanoMutenda ikozvino, uye muchigamuchira kupodzwa kwenyu, simukai mumire, moti, “Ndamira zvino kuti ndigamuchire kupodzwa kwangu. Tinozvitenda.” Zvisinei kuti unonzwei, kana uchitenda, simuka umire. Zvino simudza maoko ako, woti, “Ndinokutendai, Ishe Jesu, nokundipodza.” Mwari ave nemi.



MBEU YENYONGANISO SHO65-0118
(The Seed Of Discrepancy)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa muChirungu musi musi wa 18 Ndira, 1965, kuWestward Ho Hotel, kuPhoenix, Arizona, U.S.A., yakatorwa kubva patepi ikanyorwa nokudhindiswa muChirungu isina kushandurwa (kukamurwa). Kududzirwa muShona uku kwakadhindiswa muna 1995 ne Voice of God Recordings.

SHONA

©1995 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org